**Chidzidzo 183**
**PESQUISA (TSVAKURUDZO)**

## Abrahama

**MAGWARO : Genesis 12: 1-4; 15: 1-6; 21: 1-5**

**MAGWARO ANOTSIGIRA: Varoma 4: 3, 17-21**

**NDIMA YEMUSORO:** Ndichakupa iwe navana vako vanokutewera nyika mauri mutorwa iwe, nyika yeKanani yose kuti iwe yako nokusingaperi; ini ndichava Mwari wavo.- Genesis 17: 8

**Kutenda kuzere kwaAbrahama kwakaita kuti ateerere zvakazara nokuita zvakataurwa naMwari. Nokuda kwekutendeka kwake, akaverengerwa kuti wakarurama, uye nokugachira chivimbiso chekuti, "Mauri marudzi ose enyika acharopafadzwa." Kutenda kwake, kuteerera, uye kururama zvakaunza zvipikirwa zvakawanda kusanganisira kuberekwa kunoshamisa kwemwanakomana wake, Isaka. Kubudikidza nemuna Isaka, Mwari akazadzisa chivimbiso chake kuna Abrahama chaMesiasi uyo aizopa chiropafadzo cheruponeso kumarudzi ose. Mwari pavakaita sungano naye, Vakashandurawo zita raAbrama kuti ave Abrahama, nekuti aizove "baba vemarudzi mazhinji."**

***Mibvunzo***

1. MunaGenesis 12: 1-3, unofunga kuti chii chakange chiri musimboti wekurudziro kuna Abrahama?

..................................................................................................................................................
..................................................................................................................................................
..................................................................................................................................................

2. Pasina mubvunzo zvingadai zvakave nyore kuti Abrahama akwanise kuriritira mhuri yake achigara pedyo nemba yababa vake nehama dzake. Ndezvipi zvimwe zvingave zvakakurudzira kuti aite sarudzo yekuteerera Mwari?

..................................................................................................................................................
..................................................................................................................................................
..................................................................................................................................................

3. Kuteerera kwaAbrahama kwakawa nechokuita chakanangana nemhuri yake zvichibata kusvikira kure kuvazukuru wake, nekuvatendi kusvikira pazuva redu. Ko vamwe vangabitsirikana sei nekuteerera kwedu Mwari?

..................................................................................................................................................
..................................................................................................................................................
..................................................................................................................................................

4. Mwari akaraira Abrahama kuti aite chimwe chipiriso, iye akateerera kuraira uko (Genesis 15: 9-11). Chii chinorehwa nekudzingira kure magora kwaAbrahama? Enzanisa chiitiko icho

nezvatinofanira kuita isu kana tichiteerera Mwari nekuzvipira pane zvaAnoda kwatiri.
..........................................................................................................................................
..........................................................................................................................................
..........................................................................................................................................

5. MunaGenesis 15:17, Abrahama akagachira huchapupu-choto chinopfungaira nezhenje unopfuta iro rakapfuura nepakati pezvikamu zvechibairo chake - kuti zvirokwazvo aizogara nhaka yeKanani. Ndedzipi dzimwe nzira dzatingaziva nadzo kana zvipo zvedu nekuzvitsaura kwedu kuchigashirwa naMwari?
..........................................................................................................................................
..........................................................................................................................................
..........................................................................................................................................

6. Chimwe chinosanganisirwa muchivimbiso kuna Abhrahama kubereka kunoshamisa kwemwanakomana. Abrahama akagashira sei, kunyangwe aiziva mamiriro ezera rake neraSarah ekukwegura? Onai vaRoma 4: 20,21.
..........................................................................................................................................
..........................................................................................................................................
..........................................................................................................................................

7. MunaGenesis 17:19, Mwari akapa Abrahama murairo pamusoro pemwanakomana waaizozvarirwa. Ndeupi waive murairo uyo, uye ndepapi murugwaro rwedu patinowana kuti Abrahama akateerera Mwari saizvozvo?
..........................................................................................................................................
..........................................................................................................................................
..........................................................................................................................................

8. Maererano nendima yedu yemusoro, chivimbiso chaMwari kuna Abrahama chakanga chakakura sei?
..........................................................................................................................................
..........................................................................................................................................
..........................................................................................................................................